

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Sanggeus dilaksanakeunna sakabéh prosés panalungtikan, panalungtik bisa ngébréhkeun kacindekan ngeunaan prak-prakan pangajaran, hasil pangajaran jeung suasana maca carita pondok ngagunakeun modél pangajaran *Timbal-balik* (*Reciprocal Teaching*) saperti ieu di handap.

Dina prak-prakan pangajaran ngagunakeun modél pangajaran *Timbal-balik* (*Reciprocal Teaching*) bisa ningkatkeun kamampuh siswa dina ngaguar eusi carita pondok, nepi ka bisa nganalisis unsur intrinsik anu ngawengku téma, galur, latar, tokoh/watek, gaya basa, puseur panitén jeung amanat tina carita pondok anu dibacana. Salian ti kitu, dina prak-prakan modél pangajaran *Timbal-balik* (*Reciprocal Teaching*) bisa leuwih ningkatkeun kaaktifan siswa sabab prosés pangajaran ieu leuwih loba ngalibatkeun siswa, guru ngan saukur jadi fasilitator.

Dumasar kana hasil analisis data dina bab IV, ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh maca carita pondok siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Timbal-balik* (*Reciprocal Teaching*), siswa kelas VIII-A MTs Khoerul Falah can mampuh, rata-rata 60,18. Aspék ingetan (C1) saméméh mampuh, rata-rata 3,64. Sedengkeun aspék maham (C2) can mampuh, rata-rata 5,14 jeung aspék nganalisis (C3) saméméh can mampuh, rata-rata 3,29.
- 2) Kamampuh maca carita pondok siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran *Timbal-balik* (*Reciprocal Teaching*), katitén yén siswa kelas VIII-A MTs Khoerul Falah mampuh, rata-rata 77,68. Aspék ingetan (C1) sabada mampuh, rata-rata 6,61. Aspék maham (C2) mampuh, rata-rata 6,61. Aspék nganalisis (C3) mampuh, rata-rata 4,29.
- 3) Aya béda anu signifikan tina kamampuh maca carita pondok siswa kelas VIII-A MTs Khoerul Falah saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Timbal-balik* (*Reciprocal Teaching*), kalawan rata-rata peunteun *pretest* jeung *posttest* nya éta 60,18 jadi 77,68. Uji hipotésis nghasilkeun

$t_{itung} (7,96) > t_{tabel} (2,47)$ . Hartina modél pangajaran *Timbal-balik (Reciprocal Teaching)* bisa ngaronjatkeun kamampuh maca carita pondok siswa kelas VIII-A MTs Khoerul Falah taun ajaran 2014/2015.

## 5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Timbal-balik (Reciprocal Teaching)* digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca carita pondok. Dina prak-prakanna ieu modél bisa ngirut jeung pikaresepeun pikeun siswa, lantaran aya peran siswa dina ieu modél pangajaran *Timbal-balik (Reciprocal Teaching)*, sahingga meunang sawangan anu positif ti guru jeung siswa. Ku kituna, ieu modél pangajaran miboga poténsi pikeun numuwuhkeun kaaktifan jeung kamotékaran siswa sahingga bisa macu siswa leuwih gampang dina maham matéri pangajaran maca carita pondok kalayan suasana anu teu monoton.

## 5.3 Rekomendasi

Dumasar kana hasil analisis data jeung kacindekan, aya sawatara rekomendasi anu baris ditepikeun saperti ieu di handap.

- 1) Modél pangajaran *Timbal-balik (Reciprocal Teaching)* bisa dijadikeun hiji alternatif ku guru dina pangajaran maca carita pondok, lantaran geus dilaksanakeunna panalungtikan yén ieu modél bisa ngaronjatkeun kamampuh maca siswa.
- 2) Dina tahap ngararancang jeung prak-prakkanna Modél pangajaran *Timbal-balik (Reciprocal Teaching)*, kudu leuwih asak jeung optimal sahingga tahapan pangajaran bisa katepikeun sacara optimal luyu jeung rencana nu geus ditangtukeun, ogé dina prak-prakan pangajaran bisa lumangsung kalawan tartib.
- 3) Perlu diayakeun deui panalungtikan anu ambahanna leuwih lega.